



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Yo administre 96,049 dòz vaksen pandan 24 èdtan ki sot pase yo

COVID-19 lakoz 77 lanmò nan tout Eta a yè

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Avèk apèn twa jou ki rete nan ane a, an nou pran yon rezolisyon pou Nouvèl Ane a pou nou pote viktwa sou pandemi sa a an 2022", **Gouvènè Hochul te deklare.** "An nou kòmanse nan selebre Nouvèl Ane a an sekirite wikenn sa. Anvan w vizite zanmi ak fanmi, fè tès epi asire ou vaksinen ak pran dòz siplemantè, si ou kalifye. Sonje pou w mete yon mask lè w ap rasanble avèk lòt yo. Si nou tout fè bagay ki kòrèk yo, nou kapab fè 2022 yon ane ki trè diferan pa rapò ak difikilte nou te sibi jiskaprezan yo".

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a.

Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 210,996

Total Pozitif - 40,780

Pousantaj Pozitif - 19.33%

Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 13.36%

Kantite Pasyan Ki Entènè Lopital - 6,173 (+647)

Pasyan ki Fèk Entènè - 1.148

Pasyan nan ICU - 945 (+32)

Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon - 519 (+18)

Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat- 227,712 (+457)

Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 77

Etablisman swen sante yo rapòte total lanmò yo atravè HERDS - 48,150

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 61,084

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY

rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Total dòz vaksen yo administre - 33,229,440

Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 96,049

Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki pase yo - 680,721

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 88.7%

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 80.4%

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 95.0%

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 82,7%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 77.5%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 69.5%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 83.4%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 71.5%

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa

Rejyon	Samdi 25 desanm 2021	Dimanch 26 desanm 2021	Lendi 27 desanm 2021
Capital Region	72.50	69.65	70.19
Central New York	73.28	70.52	70.06
Finger Lakes	54.51	52.60	52.17
Long Island	216.10	221.05	234.68
Mid-Hudson	140.16	141.03	152.56
Mohawk Valley	64.44	59.52	55.05
New York City	256.70	262.01	285.85
North Country	46.44	43.27	42.83
Southern Tier	70.34	66.75	63.32
Western New York	68.37	68.80	71.52
Nan tout Eta a	178.37	180.82	194.36

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Rejyon	Samdi 25 desanm 2021	Dimanch 26 desanm 2021	Lendi 27 desanm 2021
Capital Region	9.23%	9.47%	9.96%

Central New York	9.05%	9.19%	9.38%
Finger Lakes	8.85%	9.16%	9.45%
Long Island	14.79%	15.42%	16.26%
Mid-Hudson	11.04%	11.55%	12.53%
Mohawk Valley	9.40%	9.17%	9.43%
New York City	11.76%	12.63%	13.70%
North Country	7.07%	6.92%	7.10%
Southern Tier	7.89%	7.87%	8.01%
Western New York	9.69%	10.03%	10.55%
Nan tout Eta a	11.70%	12.41%	13.36%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Minisipalite nan NYC	Samdi 25 desanm 2021	Dimanch 26 desanm 2021	Lendi 27 desanm 2021
Bronx	13.78%	14.96%	16.46%
Kings	11.47%	12.29%	13.32%
New York	10.50%	11.04%	11.87%
Queens	12.70%	13.63%	14.65%
Richmond	12.34%	13.17%	14.08%

Yè, te gen 40,780 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 3,251,712. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	39,492	216
Allegany	6,881	16
Broome	32,524	128
Cattaraugus	11,323	23
Cayuga	11,059	11
Chautauqua	17,325	42

Chemung	14,657	34
Chenango	6,559	20
Clinton	9,568	35
Columbia	6,752	61
Cortland	7,024	15
Delaware	5,338	6
Dutchess	43,436	278
Erie	142,843	776
Essex	3,537	7
Franklin	6,290	10
Fulton	8,874	16
Genesee	9,940	18
Greene	5,875	35
Hamilton	591	7
Herkimer	9,835	51
Jefferson	12,949	46
Lewis	4,696	8
Livingston	8,299	8
Madison	8,717	14
Monroe	109,989	289
Montgomery	8,150	5
Nassau	274,475	3,523
Niagara	33,283	166
NYC	1,418,247	27,774
Oneida	37,851	81
Onondaga	68,287	309
Ontario	13,675	35
Orange	71,387	461
Orleans	6,346	19
Oswego	16,628	35
Otsego	6,452	13
Putnam	15,124	20
Rensselaer	20,431	124
Rockland	62,396	679
Saratoga	29,483	126
Schenectady	21,635	24
Schoharie	3,310	4
Schuyler	2,353	4
Seneca	3,819	4
St. Lawrence	14,885	34
Steuben	14,364	12

Suffolk	303,339	2,811
Sullivan	11,459	61
Tioga	7,416	11
Tompkins	11,030	20
Ulster	21,676	111
Warren	8,782	34
Washington	8,049	20
Wayne	12,010	21
Westchester	172,563	2,049
Wyoming	6,109	17
Yates	2,325	3

Etandone to pwopagasyon Omikwon an, kounye a li pi enpòtan pou rapòte to varyant Omikwon yo jan yo rapòte nan baz done piblik sekans COVID-19 yo, ki kontinye rapòte kantite ka endividyèl yo. Pousantaj sa a ka gen rapò ak kantite ka total pozitif COVID nan eta a. Pwosesis sa a koyeran avèk fason Depatman Sante Eta New York te rapòte sou tout lòt varyant yo sou entènèt: <https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-variant-data>

Done maten sa a nan baz done GISAID la, ki se pi gwo estokaj sekans SARS-CoV-2 nan mond lan, montre varyant Omikwon an te genyen 73.3% sekans telechaje ki soti nan Eta New York ant 14/12/21 ak 27/12/21. Se yon gwo ogmantasyon pa rapò ak rezilta ki te anonse anvan epi li se prèv kontinyèl sou to pwopagasyon varyant sa a.

Yo ta dve remake ke done similè yo rapòte soti nan CDC a, ki te mete ajou semèn sa a, sèvi ak yon modèl estatistik pou pwojte pousantaj varyant lan yo pou yon peryòd tan ki pi resan. Apwòch pwojeksyon sa a eskplike an pati yon pi gwo pousantaj pou varyant Omikwon an ke CDC rapòte semèn sa a.

Nan samdi ak dimanch, 77 Nouyòkè mouri akòz COVID-19, sa ki fè kantite total ki konpile atravè HERDS la vin 48,150. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans	
Bronx	8
Clinton	1
Columbia	1
Erie	4
Franklin	1
Kings	14
Manhattan	3
Monroe	3
Montgomery	1

Nassau	4
Oneida	2
Onondaga	1
Ontario	1
Queens	10
Rensselaer	1
Richmond	1
Saratoga	2
Seneca	1
Steuben	2
Suffolk	7
Ulster	1
Washington	1
Wayne	3
Westchester	4

Tout sit vaksinyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib ki gen 5 ane ak plis, pou vaksinyon san randevou nan tout sitye yo sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan pou moun ki gen 12 zan ak plis. Enfòmasyon sou ki sit ki egzije randevou pou timoun ki nan gwoup laj 5-11 ane disponib sou [sit entènèt nou an](#). Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupren yo.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yè, 24,613 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 12,487 pran tout seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo prezante konsa:

Rejyon	Moun ki pran omwen yon dòz vaksen		Moun ki pran tout seri vaksen yo	
	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo
Capital Region	935,965	1,175	853,485	643
Central New York	627,579	654	579,818	518
Finger Lakes	834,917	851	770,323	697
Long Island	2,078,763	4,658	1,838,661	1,860
Mid-Hudson	1,626,252	3,407	1,420,707	1,580
Mohawk Valley	315,758	281	291,973	217
New York City	7,572,658	11,805	6,656,740	5,635
North Country	293,521	310	264,524	319
Southern Tier	425,086	422	388,569	271
Western New York	920,601	1,050	840,564	747
Nan tout Eta a	15,631,100	24,613	13,905,364	12,487

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan l dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###